QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMINIŃ SH E SH I M I

QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING Q A R O R I

2021 - yil 6 - iyul 11-13-193-Q/21 Shomanay rayonı hákimligi

Шоманай районы ҳәкиминиң 2021-жыл 12-февраль күнги “Шоманай районы аймағындағы юридикалық ҳәм физикалық шахсларға тийисли автомототранспорт қураллары ҳәм тиркемелерди мәжбүрий көриктен өткериў ҳаққында»ғы 70/2-санлы шешимине өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы “Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты ҳаққында”ғы Нызамының (Өзбекстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң Ахборотнамасы, 1993-жыл, 320-статьясы) 6, 25-статьяларына, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-март күнги “Транспорт қуралларын мәжбүрий техник көриктен өткериў тәртибин жеделлестириўге тийисли қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 125-санлы қарарына ҳәм Шоманай районы әдиллик бөлиминиң 2021-жыл 19-майдағы №1/59-санлы усынысына тийкарланып, Шоманай районы ҳәкими

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-март күнги “Транспорт қуралларын мәжбүрий техник көриктен өткериў тәртибин жеделлестириўге тийисли қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 125-санлы қарарына ҳәм Шоманай районы әдиллик бөлиминиң 2021-жыл 19-майдағы №1/59-санлы усынысы мағлыўмат ҳәм орынлаў ушын қабыл етилсин.

2. Шоманай районы ҳәкиминиң 2021-жыл 12-февраль күнги “Шоманай районы аймағындағы юридикалық ҳәм физикалық шахсларға тийисли автомототранспорт қураллары ҳәм тиркемелерди мәжбүрий көриктен өткериў ҳаққында»ғы 70/2-санлы шешими анықлаў бөлиминдеги “2003 ийл 31 январдаги 54-сонли қарори билан тасдиқланган “Транспорт воситаларини мажбурий кўрикдан ўтказиш тартиби тўғрисида”ги Низомга (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2003 й., 1-2-сон, 17-модда)” **сөзлери** 2021 йил 9 мартдаги “Транспорт воситаларини мажбурий техник-кўрикдан ўтказиш тартибини такомиллаштиришга доир қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида”ги 125-сон қарорига *(Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 10.03.2021 й., 09/21/125/0195-сон)* **сөзлери менен өзгерттирилсин**.

3. **Усы шешимниң 3-бәнти “д” киши бәнти** “(биринчи марта рўйхатга олинаётган янги транспорт воситалари бундан мустасно)” **сөзлери менен толтырылсын ҳәм** “е” **киши бәнти шығарылып таслансын**.

4. **4-бәнти төртинши хатбасшысы** “Жисмоний ва юридик шахсларга тегишли бошқа транспорт воситаларининг техник кўриги 1 январь — 31 декабрда ўтказилади” деген сөзлер менен жазылсын ҳәм алдынғы төртинши, бесинши хатбасшылары шығарылып таслансын.

5. **6-бәнттеги** “1-иловага мувофиқ” **сөзлери** “иловага” **деген сөзлер менен өзгертилсин ҳәм** “жисмоний ва юридик шахсларга тегишли бўлган транспорт воситаларининг 2021 йилги мажбурий техник кўригини ўтказиш жадвали 2-иловага” **сөзлери шығарылып таслансын**.

6. **7-бәнти** “Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2021 йил 9 мартдаги “Транспорт воситаларини мажбурий техник-кўрикдан ўтказиш тартибини такомиллаштиришга доир қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида”ги 125-сон қарори 3-банди талабларидан келиб чиқиб, туман мудофаа бўлими, ички ишлар бўлими ва Давлат хавфсизлик хизмати ҳарбий бўлинмалари транспорт воситалари мазкур идоралар белгиланган тартибда мажбурий техник кўрикдан ўтказилади” деген сөзлери менен өзгерттирилсин.

7**.** Район аймағындағы мәкеме ҳәм шөлкемлер усы шешим тийкарында өз транспорт қуралларын белгиленген тәртипте мәжбүрий техник көриктен өткериў илажларын көрсин.

8. Усы шешим ғалаба хабар қуралларында жәриялансын, ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жарытыў Ю.Сейдуллаевқа жүклетилсин.

9. Усы шешим рәсмий жәрия етилген күннен күшине киреди.

10. Район ҳәкимлигиниң канцелярия бөлими баслығы А.Қарғабаевқа усы шешим нусқасын тийисли мәпдар тәреплерге жеткерилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

11. Шешимниң орынланыўын қадағалаў ҳәким орынбасары Р.Клышевқа жүклетилсин.

Ҳәким **B.Yangibaev**